

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Jawa Barat hususna tatar Priangan atawa Pasundan mangrupa kawasan anu kawéntar ku kaéndahan alam sarta ku subur ma'murna. Salasahiji ciri suburna taneuh téh nyaéta ku cur-corna cai. Matak teu anéh lamun ieu daérah téh jadi pamungpungan jeung pangjugjugan étnis séjén pikeun seja dumuk tetep tumetep. M.A.W. Brouwer nétélakeun yén Gusti Alloh nyiptakeun Tatar Sunda bari “marahmay, tur imut ngagelenyu”. Lian ti ku kawéntar ku kaéndahan alamna, Jawa Barat ogé jembar ku rupa-rupa kasenian jeung kabudayaan katut ajén-inajénna.

Di Sunda sorangan, kasenian réa pisan rupana, salasahijina nyaéta kawih. Kawih jeung masarakat Sunda raket pisan patalina. Éta hal katitén dina kahirupan sapopoé masarakat Sunda nu ti mimiti mépéndé budak, ngamandian budak, ngawuluku, ngeprak manuk di sawah, nepi ka ngoréd di huma, sok dibarengan ku ngahaleuang (Hendrayana spk, 2017, kc. 64). Kawih mangrupa lalaguan nu aya di masarakat Sunda. Saupama ditilik tina sisi musikna, kawih miboga fungsi minangka hiburan pikeun masarakat. Sedengkeun ditilik tina sisi sastrana, kawih miboga fungsi pikeun ngaéksprésikeun diri pangarangna ogé jadi panganteur pikeun nepikeun amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang ka anu maca rumpakana atawa nu ngadéngékeun kawihna.

Kawih Sunda geus aya tur dipikawanoh ku masarakat Sunda ti saméméh abad XVI. Éta bisa katitén tina catetan sajarah sakumaha nu kaunggel dina naskah Sunda Kuno *Sanghyang Siksakanda ng Karesian* nu titimangsana taun 1518 Maséhi (Abad XVI), atawa dina mangsa karajaan Pajajaran. Anu unggelna saperti ieu di handap.

“Hayang nyaho disakweh ning kawih ma kawih bwatuha kawih panjang, kawih lalaguan, kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih pangpeledan, kawih bongbongkaso, kawih pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan, sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.”(Lamun hayang nyaho kana sakabéh lagu,

saperti: kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalaguan, kawih panyaraman, kawih sisindiran, kawih kawih pangpeledan, kawih bongbongkaso, kawih pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasambatan, kawih igel-igelan, sagala rupa lagu tanya paraguna/ ahli karawitan).” (Hendrayana spk, 2020).

Saperti anu katulis dina naskah SSKK, di dinya aya kecap paraguna anu mibanda harti ahli musik, jembarna mah musisi, bujangga panyanggi lagu, atawa ahli musik. Dina naskah Sunda kuna séjénna, istilah kawih ditujulkeun kana puisi Sunda heubeul, nyaéta kana urusan sastra anu wanguna *oktasilabik* nyaéta puisi anu strukturna disusun ku dalapan engang dina unggal padalisanna, sakumaha anu katulis dina naskah Sunda *Kawih Pangeuyeukan* jeung *Kawih Panyaraman*. Hendrayana (2020) nétélakeun yén saupamana disurahan, kawih nalika dipatalikeun jeung istilah paraguna tujulna bisa jadi kana urusan musikal henteu kana sastrana. Dina harti kecap kawih di dinya tujulna kana istilah lagu anu leuwih nyosok kana harti yén kawih di dinya mah sarua jeung nyanyian dina basa Indonésia. Upama kitu, tepi ka abad XVI urang Sunda geus wanoh kana urusan seni sora Sunda anu disebut kawih. Dina harti, urusan seni sora, atawa lalaguan nu aya di Sunda disebutna kawih téa.

Dina kamekarannana kawih kungsi aya dina mangsa emas, nyaéta dina taun 60-an muncul kawih anyar nu disanggi ku Mang Koko Koswara. Lian ti jadi panyanggi lagu, Mang Koko ogé mangrupa aprésiator sastra Sunda. Teu saeutik kawih-kawih nu disanggi ku anjeunna disadur tina sajak-sajak karya sastrawan. Dina milih rumpakana Mang Koko telik pisan, nepi ka neuleuman sacara jero eusi jeung ma’na tina rumpaka anu rék disanggi jadi kawih. Conto kawih sanggihan Mang Koko nu disadur tina rumpaka sajak di antarana nyaéta “Di Langit Bulan keur Mayung” karya Dedy Windyagiri, “Bulan Bandung Panineungan” karya Wahyu Wibisana, “Kudu ka Saha” karya Winarya Artadiana, jrrd. Masyarakat Sunda nyebutna kawih Mang-Kokoan. Dina taun 80-an muncul panyanggi lagu séjén nyaéta Ubun R. Kubarsah jeung Nano S, aranjeunna nyanggi matéri kawih anyar anu sok dipirig ku kacapian, gamelan degung, jeung pirigan séjénna. Kawih-kawih nu disanggi ku Ubun R. Kubarsah jeung Nano S. masih manjang tepi ka ayeuna.

Tepi ka taun 90-an, sababaraha kawih kayaning kawih kiliningan, kawih celempungan, atawa kawih calung jsb., masih kénéh mindeng kapidangkeun boh di nu hajat boh di nu tatanggapan séjénna kayaning panggung agustusan, atawa ngaresmikeun hiji gedung, jeung kariaan séjénna. Tapi, kiwari éta kawih nu tadi disebutkeun geus jarang dipaké. Hiburan-hiburan di nu hajat atawa di nu tatanggapan, salametan séjénna nu sok mindeng kénéh kasaksian ngan kari kawih kacapian, kawih cianjuran, jeung kawih pop Sunda. Malahan kawih pop Sunda keur sapuluh taun tukang keur meujeuhna populér di masarakat Sunda. Lian ti populér, bisa jadi yén masarakat leuwih milih pop Sunda ku lantaran dina pidangannana henteu réa teuing nayagana, jadi kawilang leuwih irit, leuwih modérn tur leuwih basajan ti batan pintonan séjénna nu ngabutuhkeun réa nayaga.

Tapi, sok sanajan istilah kawih geus dipaké ku masarakat Sunda ti jaman béh ditu kénéh ogé kungsi aya dina mangsa kaemasannana, teu bisa dipungkir yén éksisténsi kawih éta sorangan geus mimiti rada ngurangan. Katitén dina sababaraha kawih nu disebutkeun dina éta naskah téh geus teu dipikawanoh deui. Komo deui dina jaman kiwari, kawih geus mimiti dipohokeun ku sawatara masarakat utamana di kalangan barudak jeung para rumaja.

Kamekaran sains jeung téhnologi mawa pangaruh nu gedé kana kamekaran rasa cinta ka lemah cai nu ayeuna geus mimiti leungit ku arus modérnisasi nu lumangsung nepi ka kiwari. Ayana pangaruh seni jeung budaya barat nu teu bisa dibendung, ahirna ngabalukarkeun masarakat leuwih resep kana budaya barat. Éta hal disababkeun ku faktor-faktor *image* nu aya dina pikiran tiap masarakatna. Lamun teu nuturkeun kamekaran budaya kiwari mangka bakal disebut minangka masarakat nu tinggaleun jaman. Faktor nu ngabalukarkeun luntarna peran seni jeung budaya tradisional di antarana nyaéta asupna pangaruh budaya deungeun nu teu saluyu jeung budaya nu aya di bangsa urang. Ku kituna, teu saeutik bangsa urang nu leuwih resep ngamumulé budaya batur ti batan budayana sorangan. Salasihiji faktor nu ngabalukarkeun budaya deungeun hésé pikeun dibendung nyaéta, Jawa Barat mangrupa salasihiji wewengkon atawa daérah nu narima kalumangsungan rupa-rupa kasenian nu asup ti luar. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Soepandi (1985, kc.3) yén dina enas-enasna Jawa Barat mangrupa tempat patalimarga kasenian-kasenian luar sahingga ngabendung *érosi* budaya hésé pikeun

dilakukeun. Padahal saupama ditilik leuwih teleb, kasenian jeung kabudayaan nu aya di tatar Sunda miboga ajén-ajén atikan nu kacida beungharna sarta hadé saupama dilarapkeun dina kahirupan, salasihijina nyaéta rumpaka kawih Sunda.

Fungsi atikan dina kontéks kabudayaan penting pisan, salasihiji fungsina nyaéta pikeun ngawariskeun ajén-ajén kamanusaan nu sumberna tina kabudayaan nu aya di lingkungan, anu ayeuna dipikawanoh ku istilah *kearifan lokal*. Salasihiji produk budaya nu nepika kiwari masih aya sarta masih diwariskeun nyaéta kawih.

Salasihiji kawih nu ngandung rupa-rupa ajén atikan nyaéta kawih asuh barudak anu disanggi ku Ubun R Kubarsah. Ubun Kubarsah nyaéta salasihiji tokoh seniman di tatar Sunda nu leubeut ku karya utamana dina widang kawih Sunda. Ubun Kubarsah kungsi dilélér Anugerah ku Perpustakaan Nasional RI minangka Komponis Pelestari Musik Tradisi dina taun 2018. Salasihiji tina karyana nyaéta “Kawih Asuh Barudak” anu dina rumpaka kawihna loba pisan ajén-ajén atikan nu bisa dilarapkeun utamana pikeun barudak. Sabab, dina kawih asuh barudak aya dalapan welas karakter nu nyampak dina tiap-tiap rumpakana. Munculna kaprihatinan Ubun Kubarsah ka barudak, lantaran geus lila kaleungitan kawih-kawih nu husus disanggi atawa dijieun pikeun barudak minangka média ngawangun karakter pribadina, jadi asal muasal nu ngalantarankeun ieu kawih asuh barudak diciptakeun.

Pikeun neuleuman ajén-inajén nu nyampak dina rumpaka kawih asuh barudak, diperlukeun ayana tiori nu bisa dijadikeun dadasar pikeun nalungtikna. Rumpaka nu aya, ditilik deui leuwih jero kana wangun jeung eusina nu patali jeung unsur penting dina sajak.

Nurutkeun Mustappa (2014, kc. 37) aya tilu unsur penting dina sajak, nyaéta Imaji, Simbul atawa Lambang, jeung Musikalitas atawa wirahma. Biasana tilu unsur éta disebut ISIM. Tapi ISIM tacan cukup pikeun nyumponan ayana sajak nu alus da éta nu tilu mah disebut pokona wungkul. Supaya bisa dalit, nya disambaraan maké Suasana, Téma, jeung Gaya basa. Biasa disingget jadi STG. ISIM jeung STG kudu sajalan, ulah diantep sina mawa kasep masing-masing. Lian ti éta, kawih ngandung ajén étnopédagogik. Salasihiji aspék tina ajén-ajén étnopédagogik nyaéta atikan karakter. Istilah étopédagogik asalna tina dua kecap, nyaéta *etno* jeung *pedagogik*. Istilah *étno* asalna tina basa Yunani *ethnos* nu hartina “suku

bangsa” atawa “lokal”. Hartina, étnopédagogik mangrupa atikan budaya lokal. Étnopédagogik dimangpaatkeun minangka ajén kahirupan nyaéta ajén atikan, ajén kaagamaan, ajén moral, jeung ajén sosial. Nu dijadikeun dasar pikeun maluruh ajén dina ieu panalungtikan nyaéta ajén-ajén atikan karakter nu dipaheutkeun ku Kemendiknas, anu ngawengku 18 ajén atikan karakter nyaéta ajén *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, demokratis, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab*.

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho kumaha struktur jeung aspék étnopédagogik nu nyampak dina rumpaka album kawih asuh barudak *Cita-Cita* sangkan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé boh di lingkungan masarakat atawa di lingkungan sakola jeung di lingkungan séjénna. Lian ti éta, udagan séjénna tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kumaha kontéks penuturan, prosés penciptaan, jeung fungsi sarta harti dina rumpakana.

Panalungtikan séjén nu patali jeung rumpaka kawih kungsi diayakeun saméméhna, diantarana “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang: Ulikan Struktural Sémiotik jeung Ajén Moral” ku Niknik Dewi Pramanik (2013) dina éta panalungtikan, Niknik leuwih nalungtik kana ulikan struktur sémiotik jeung ajén moral nu aya dina eusi rumpakana; “Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut Karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Struktural jeung Ajén Éstétika)” ku Annisa Gusnira (2018). Dina éta panalungtikan, Annisa leuwih museur kana ulikan struktural jeung ajén éstétikana; “Ulikan Struktural jeung Sémiotik Rumpaka Kawih Sunda anu Jejerna Kadaharan pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Gina Kustinawati (2018). Dina éta panalungtikan, Gina leuwih museur kana ulikan struktural jeung sémiotikna; Rumpaka Kawih Sunda Islami Sanggian Mang Koko pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMP Kelas VIII: Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan ku Noval Mohammad Safari (2019). Dina éta panalungtikan Noval leuwih museur kana ajén atikan moral nu aya dina jero rumpakana. Dumasar kana opat panalungtikan nu saméméhna, ieu panalungtikan teu sarua boh tina objék nu ditalungtikna boh dina hal nu ditalungtikna. Ku kituna, panalungtikan nu judulna

“Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita* (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditétélakeun saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal. Ku kituna, masalah nu dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan diwatesanan kana struktur jeung étnopédagogik nu nyampak dina rumpaka kawih asuh barudak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahannana sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan ngulik ngeunaan ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih asuh barudak. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur nu nyampak dina Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*?
- 2) Kumaha kontéks penuturan jeung prosés penciptaan Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*?
- 3) Naon baé fungsi jeung harti dina unggal Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*?
- 4) Aspék étnopédagogik naon baé nu nyampak dina Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus diantarana sakumaha ieu dihandap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan luyu jeung rumusan masalah nu dipedar saméméhna, nyaéta ngaidéntifikasi struktur jeung ngadéskripsikeun étnopédagogik nu nyampak dina rumpaka album kawih asuh barudak *Cita-Cita*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.
- 2) Kontéks penuturan jeung prosés penciptaan Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.
- 3) Fungsi jeung harti dina unggal Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*; jeung
- 4) Aspék étnopédagogik dina Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak *Cita-Cita*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina hasil ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis, mangpaat praktis, mangpaat tina segi kawijakan, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa mikanyaho struktur jeung étnopédagogik nu nyampak dina rumpaka album kawih asuh barudak *Cita-Cita*, tur pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra hususna rumpaka kawih.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep pikeun dijadikeun dokuméntasi karya sastra tulisan minangka kearifan lokal tur jadi tinimbangan pamaréntah daérah sangkan rumpaka album kawih asuh barudak *Cita-Cita* bisa dimekarkeun leuwih jero deui tur bisa ngeuyeuban bahan ajar dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés ieu panalungtikan diwincik jadi sawatara mangpaat praktis, diantaranya:

- 1) Pikeun masarakat, sangkan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kawih, sarta pangalaman dina nganalisis rumpaka album kawih asuh barudak *Cita-Cita*.
- 2) Pikeun nu nalungtik, méré kasempetan keur panaluntik saterusna nu patali jeung rumpaka kawih Sunda.

Teguh Purwa Saputra, 2021

RUMPAKA ALBUM KAWIH ASUH BARUDAK CITA-CITA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Pikeun pamaca, méré pangaweruh dina hasil karya sastra hususna rumpaka kawih asuh barudak nu loba ngandung ajén jeung harti.

1.4.4 Mangpaat segi isu jeung sosial

Dina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pamahaman jeung pangaweruh masarakat ngeunaan struktur rumpaka kawih jeung ajén-inajén nu nyangkaruk di jerona, sangkan bisa dijadikeun pangajaran dina kahirupan masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi kabagi kana lima bab nu medar:

Bab I dina ieu skripsi didasaran jadi bab nu ngawanohkeun tur bubuka tina eusi panalungtikan di jerona. Bab I nyaéta nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa bagian nu ngajelaskeun ngeunaan kajian Pustaka tina skripsi nu medar konteks sajéntréna kana topik atawa masalah nu diangkat dina panalungtikan.

Bab III nu dijudulan Metode Panalungtikan nyaéta bagian nu sifatna procedural, ngarahkeun nu maca pikeun mikanyaho kumaha panalungtik ngarancang alur panalungtikanana dimimitian tina pamarekan nu diterapkeun, instrument nu dipaké, tahapan ngumpulkeun data, nepi léngkah-léngkah analisis data nu dijalankeun.

Bab IV dina ieu skripsi, nepikeun dua hal utama, nu kahiji ngajelaskeun hasil panalungtikan tina data nu dibeunangkeun. Kadua, ngabahas naon nu kapanggih salila nalungtik tur ngajawab patalékan nu jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan.

Bab V eusina aya kacindekan, implikasi jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan.